

ENFÒMASYON JENERAL SOU CELLA

KISA CELLA YE?

Eta Florid sèvi ak tès “Evaluasyon Jeneral sou Aprantisaj Lang Anglè” [“*Comprehensive English Language Learning Assessment (CELLA)*”] pou mezire pwogrè elèv ki klase nan kategori “Moun k ap Aprann Lang Anglè yo” [abreje *ELL ann anglè*] fè nan nivo sa yo aprann nan lang nan kòm konesans y ap bezwen pou reyisi lekòl yo.

KI OBJEKTIF CELLA?

Yo fè CELLA pou kab ranmase enfòmasyon pou objektif sa yo:

- Bay paran, elèv ak pwofesè yo zouti pou mezire nivo kantite anglè elèv la ap aprann pou kapab konnen si elèv la bon pou kite pwogram ESOL la, ki se pwogram anglè pou moun ki pale lòt lang.
- Bay enfòmasyon sou ki pwen lekòl yo ak distri yo satisfè bezwen ELL yo.
- Bay òganis edikasyon yo ak piblik la enfòmasyon sou konpetans ELL yo nan Anglè epi pwogrè anyèl pa yo.

KISA CELLA GEN LADAN?

Men domèn CELLA teste yo:

- Konpreyasyon oral
- Elokasyon oral
- Lekti
- Konpozisyon ekri

CELLA gen ladan kat nivo: Nivo A (Kindègatenn- 2^{yèm} ane), Nivo B (3^{yèm}- 5^{yèm} ane primè), Nivo C (6^{yèm}- 8^{yèm} ane entèmedyè), ak Nivo D (9^{yèm}-12^{yèm} ane segondè).

Elèv yo ap teste nan seksyon konpreyasyon oral, lekti ak konpozisyon ekri a an gwoup. Pou seksyon elokasyon oral la, se yon pwofesè k ap fè yon sesyon dialog youn pa youn avèk elèv yo. (Ti elèv ki pi piti yo gen dwa gen yon pwofesè ki pou ba yo tout tès la nèt pou kont yo endividyèlman).

KI LÈ YO BAY ELÈV YO TÈS CELLA A?

Tout etidyan Florida yo ki te klase nan kategori “Moun k ap Aprann Lang Angle yo” (ELLs) te fè CELLA pou premye fwa nan ete ane 2006. ELL yo pral kontinye fè egzamen CELLA a chak ane, chak prentan, jiskaske yo vin klase nan kategori konpetan nan Anglè.

KIJAN PARAN YO KAB EDE PITIT YO PREPARE POU CELLA?

Nivo konpetans nan anglè elèv la bezwen pou pase tès CELLA pa kab devlope toudenkou. Chapit “Ti Konsèy nan Zafè Pran Egzamen Paran yo Dwe Sonje” a bay ni estrateji jeneral pou ede elèv yo aprann pandan tout ane lekòl la, ni kèk ti konsèy pou jou tès la, yon fason

pou asire ke pèfòmans nan tès la reflete konpetans reyèl elèv la.

KONSÈY NAN ZAFÈ FÈ EGZAMEN PARAN YO DWE SONJE

ESTRATEJI JENERAL YO

1. Fè sèten elèv la **vin lekòl regilyèman**. Sonje tès la la pou demontre nivo global sa elèv la reyalize nan lekòl li. Plis yon elèv twouve l souvan nan yon sityasyon pou l aprann, se plis chans li genyen pou l bon nan egzamen yo.
2. Bay elèv la **ankourajman** pou l aprann anglè ak tout lòt matyè yo anseye lekòl la. Felisite l pou bagay li byen fè yo pandan tout ane a. Elèv ki jwenn ki jwenn ankourajman lekòl gen plis chans pou l aprann plis ak pou reyisi nan egzamen.
3. Fè sèten elèv la gen yon **rejim byen balanse** nan zafè manje li, paske kò ki an sante bay lespri ki pi aktif.
4. Fè sèten elèv la **fè devwa li lakay**. Devwa lakay yo ranfòse enstriksyon nan klas yo ak ogmante kapasite yon etidyan pou l sèvi ak anglè a yon fason efikas.
5. **Rankontre ak pwofesè elèv la** chak fwa ou kapab pou mande ki pwogrè elèv la ap fè. Paran ak pwofesè ta dwe travay ankòlaborasyon pou ede elèv yo.
6. Fè sèten elèv la **byen repoze** jou lekòl yo. Elèv ki fatige gen mwens chans suiv nan klas oswa reyisi nan devwa ak tès lekòl yo.
7. Anfinal, ankouraje elèv la detann li pou l **rilaks**. Twòp konsantrasyon pou fè pwen nan egzamen konn mete elèv sou tansyon, sa ki fè l pi difisil pou montre sa l konnen jou egzamen an.

TI KONSÈY POU JOU EGZAMEN AN

1. Fè sèten elèv la **byen repoze ak byen manje nan maten** jou egzamen an.
2. Fè sèten elèv la rive lekòl **alè**.
3. Fè sèten elèv la byen abiye ak **rad ki konfòtab sou li**. Elèv la dwe mete rad ki konfòtab ak ki apwopriye dapre sezon tan li fè a.
4. Si elèv la pote vè linèt oswa aparèy pou tande, fè sèten li sonje sèvi ak yo pandan tout sesyon egzamen l ap pran yo.
5. Si elèv la sipoze jwenn yon fòm **akomodasyon** kèlkonk parapò ak egzamen k ap bay la (pa egzamp, vèsyon gwo karaktè oswa vèsyon “Braille” egzamen an), fè sèten li jwenn avantaj sèvis akomodasyon sa a.